

# KIT POU VIKTIM VÒL IDANTITE FLORID

YON GID POU VIKTIM VÒL IDANTITE  
KI DETAYE KISA POU W FÈ AK  
KIIYÈS POU KONTAKTE.





Aktyèlman aktivite fwod ap ogmante epi yo gaye toupatou plis pase tout tan paske teknoloji ap kontinye devlope ak evolye. Depatman Opòtinite Ekonomik Florid pran vòl idantite nan Asistans Reyanplwa oserye. Depi lontan, Depatman an te etabli pwosedi verifikasyon idantite pou pwoteje Floridyen yo kont efè vòl idantite.

Depatman an la pou ede tout Floridyen ki kwè yo se viktim vòl idantite nan Asistans Reyanplwa. Se poutèt sa nou devlope Kit Viktim Vòl Idantite Florid la pou asire ke Floridyen yo konnen ki etap yo dwe pran lè yon moun vòlè idantite yo.

Kit sa a fèt pou ede w travay sou pwosesis pou rezoud ka vòl idantite w la. Byenke gen anpil gid resous jeneral sou vòl idantite ki disponib, kit sa a te espesyalman devlope pou ede Floridyen ki viktim vòl idantite nan Asistans Reyanplwa, ansanm ak moun ki nan lòt eta ke yo itilize enfòmasyon pèsònèl yo fwodilezman nan eta Florid.

Navige atravè pwosesis la kòm yon viktim vòl idantite ka long epi li ka kreye konfizyon. Pandan ke wap kontakte lapolis, kreyansye yo, ak enstitisyon finansye yo, li enpòtan pou w swiv aksyon wap pran yo epi konseve yon dosye sou pwogrè wap fè.



# ETAP OU DWE PRAN

Swiv etap ki anba yo, pou antite apwopriye yo ka konnen ou se yon viktim vòl idantite epi swiv etap apwopriye yo pou diminye aktivite fwod nan lavni.

Lè yo vòlè idantite w, idantifyan pèsònèl ou yo ka mal itilize nan plizyè fason diferan. Le pli vit ke ou vin konnen ke enfòmasyon w yo mal itilize, gen plizyè etap debaz ou ta dwe pran pou ede anpeche prèske tout kalite ka vòl idantite:

## 01 RAPÒTE ENSIDAN AN BAY DEPATMAN FWOD KI NAN TWA GWO BIWO KREDI YO: EQUIFAX, EXPERIAN, AK TRANSUNION.

- ◆ Mande twa gwo biwo kredi yo (Equifax, Experian, ak TransUnion) pou mete yon “alèt fwod” sou rapò kredi w la.
- ◆ Kòmande kopi rapò kredi ou yo nan biwo kredi yo pou w ka revize yo pou wè si gen okenn lòt kont fwod te louvri sou non w, oswa si okenn chaj san otorizasyon ki te fèt sou lòt kont ou yo.
- ◆ Fè demann pou yon deklarasyon viktim nan twa biwo kredi prensipal yo pou mande kreyansye yo pou kontakte w anvan yo louvri yon nouvo kont oswa fè chanjman nan kont ki deja egziste w yo.



## Me enfòmasyon pou kontakte twa gwo biwo kredi yo:

### EQUIFAX

P.O. Box 740241  
Atlanta, GA 30374-0241  
Pou kòmande rapò ou:  
800-685-1111  
Pou rapòte fwod:  
800-525-6285  
TDD:  
800-255-0056  
[www.Equifax.com](http://www.Equifax.com)

### TRANSUNION

Fraud Victim Assistance  
P.O. Box 6790  
Fullerton, CA 92634-6790  
Imèl: [fvad@transunion.com](mailto:fvad@transunion.com)  
Pou kòmande rapò ou:  
800-888-4213  
Pou rapòte fwod:  
800-680-7289  
TDD:  
877-553-7803  
[www.Transunion.com](http://www.Transunion.com)

### EXPERIAN

P.O. Box 9532  
Allen, TX 75013  
Pou kòmande rapò ou:  
888-397-3742  
Pou rapòte fwod:  
888-397-3742  
TDD:  
800-972-0322  
[www.Experian.com](http://www.Experian.com)

## 02 KONTAKTE DEPATMAN FWOD NAN CHAK KREYANSYE YO.

- ◆ Rasanble enfòmasyon kontak pou chak kont kredi w yo (kat kredi, sèvis itilite piblik, bòdwo kab, elatriye) epi rele depatman fwod pou chak kreyansye yo.
- ◆ Rapòte ensidan an bay chak kreyansye, menm si pirat yo pat manyen kont ou nan enstitisyon sa a. Fèmen kont ke w kwè ki te konpwomèt yo. Mande biwo kredi yo pou yo mete yon “alèt” sou tout kont ki rete louvri.
- ◆ Fe swivi alekri imedyatman. Komisyon Komès Federal la founi yon fòmilè ofisyèl sou Afidavi Vòl Idantite ke yo itilize pou rapòte nouvo kont fwod ki louvri sou non w. Gade enstriksyon ki atache yo pou konnen kijan pou ranpli Afidavi Vòl Idantite Komisyon Komès Federal la. Tcheke ak konpayi an pou wè si yo aksepte fòmilè sa a. Si non, mande pou yo voye pou ou fòmilè kontestasyon fwod yo a.
- ◆ Konfime tout konvèsasyon yo alekri. Lè w fin pale avèk yo nan telefòn fè swivi ak yon lèt ansanm avèk tout dokiman ki nesesè pou sipòte reklamasyon w la.
- ◆ Rele Komisyon Komès Federal la nan 877-438-4338 epi mande yo pou yon kopi bwochi yo a **“Idantite Krim: Lè Move Bagay Rive Bon Non w.”** Bwochi sa a genyen ladan echantiyon lèt kontestasyon an pou ede w demare, ansanm avèk lòt enfòmasyon sou kòman pou rezoud pwoblèm kredi. Bwochi a disponib tou nan sitwèb Komisyon Komès Federal la nan [www.FTC.gov](http://www.FTC.gov).



## 03 KONTAKTE BANK OU OSWA ENSTITISYON FINANSYÈ W.

---

- ◆ Si yo vòlè chèk ou oswa kat debit ou oswa si w kwè yon moun te itilize yo, kontakte bank ou oswa inyon kredi w lan epi bloke peman yo touswit.
- ◆ Bloke peman sou tout chèk ki poko kach ke w pa finn sèten de yo.
- ◆ Kontakte pi gwo konpayi verifikasyon chèk yo epi mande yo pou avèti machann ki itilize baz done yo pou yo pa aksepte chèk ou yo:

**TELECHECK: 800-710-9898 OR 927-0188**

**CETERGY, INC: 800-437-5120**

**INTERNATIONAL CHECK SERVICES: 800-631-9656**

- ◆ Rele [Shared Check Authorization Network (SCAN)] nan 800-262-7771 pou ka konnen si yo ekri move chèk sou non ou.
- ◆ Si w sispèk ke gen yon pirat antre sou kont ou yo, anile kont chèk ak kont depay ou yo epi pran yon nouvo nimewo kont.

---

## 04 RAPÒTE ENSIDAN AN BAY LAFOLIS LOKAL.

---

- ◆ Kontakte depatman lapolis lokal ou a oswa biwo cherif la pou fè yon pwosevèbal. Daprè Atik 817.568, Lwa Florid, ou ka depoze pwosevèbal la nan menm kote ofans lan te rive a, oswa, nan vil oswa komin kote w abite a.
- ◆ Lè wap ranpli pwosevèbal la, bay plis dokimantasyon ke posib, enkli kopi lèt koleksyon dèt, rapò sou kredi, ak Afidavi notarye pou Vòl Idantite w la.
- ◆ Chache jwenn yon kopi rapò polis la. Gen kèk kreyansye kap mande pou wè rapò polis la pou yo ka retire dèt vòlè idantite yo te fè.
- ◆ Rapòte enfòmasyon w yo bay Sant Nasyonal pou Katastwòf Fwod (NCDF), [www.Justice.gov/disaster-fraud/ncdf-disaster-complaint-form](http://www.Justice.gov/disaster-fraud/ncdf-disaster-complaint-form).



# KI LÒT BAGAY MWEN KA FÈ?

## DEPOZE YON PLENT DEVAN DEPATMAN KONPANSASYON VÒL IDANTITE NAN KOMISYON FEDERAL KOMÈS LA.

Depatman Konpansasyon pou [Vòl Idantite se depo gouvènman federal](#) la pou plent vòl idantite. Yo antre enfòmasyon sou plent nan yon baz done santral, Consumer Sentinel la, ke anpil ajans lapolis lokal ak leta nan Florid gen asè, ansanm ak Pwokirè Jeneral Florid la, pou mennen ankèt sou vòl idantite. Ou ka rele tou nan 877-438-4338 pou rapòte vòl idantite epi jwenn yon plan rekiperasyon.

---

## MAKE LISANS CHOFÈ FLORID OU A AK YON DRAPO.

Si w fè demann lan, Seksyon Fwod nan [Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil a Motè](#) (DHSMV) ap mete yon drapo sou lisans chofè w la si w se viktim vòl idantite (menm si lisans chofè Florid ou an te konpwomèt ou pa). Pou kontakte Seksyon Fwod la, rele (850) 617-2405. Yap mande w pou w soumèt demann ou an alekri nan:

**DEPARTMENT OF HIGHWAY SAFETY AND MOTOR VEHICLES**

**DDL/BDI- FRAUD SECTION, ROOM A327**

**NEIL KIRKMAN BUILDING**

**TALLAHASSEE, FL 32399-0570**

Si w kwè ke vòlè idantite a te itilize enfòmasyon pèsònèl ou pou sekirize yon Lisans chofè Florid oswa yon Kat Idantite, DHSMV ap mennen yon ankèt sou fwod la. Pou kòmanse ankèt sa a, mande yon Fòmilè Rapò Vòl Idantite DHSMV la epi poste li nan adrès ki anwo a. Fòmilè a disponib tou sou sitwèb DHSMV la nan [www.FLHSMV.gov](http://www.FLHSMV.gov).



## OU KA JWENN ÈD ATRAVÈ LIY TELEFÒN DIRÈK POU FWÒD FLORID LA.

Pwokirè Jeneral Florid la founi yon liy dirèk gratis pou Floridyen ki se viktim Fwòd. Kontakte liy dirèk la nan 866-966-7226. Defansè ki resevwa fòmasyon an ka ede founi plis enfòmasyon sou resous nan zòn ou an.

---

## KONTAKTE DEPATMAN LA POLIS FLORID LA.

Aprè w fin depoze yon pwosevèbal bay lapolis lokal yo ak Depatman Konpansasyon Vòl Idantite nan Komisyon Komès Federal la, ou ka kontakte FDLE. Ajan Espesyal FDLE ki travay nan ka vòl idantite yo kapab bay ou plis konsèy ak èd. Tcheke anyè telefòn zòn ou an pou jwenn Sant Operasyon Rejyonal FDLE ki pi pre a oswa ale sou [www.FDLE.state.fl.us](http://www.FDLE.state.fl.us).

---

## TCHEKE ENFÒMASYON ISTWA KRIMINÈL FLORID OU.

Nan kèk ka vòl idantite, yon viktim ka fè fas ak yon dosye kriminèl pou yon krim ke li pat komèt. Depatman Lapolis Florid (FDLE) kapab founi yon Revizyon Idantite Konpwomi (ki baze sou konparezon anprent nan dosye istwa kriminèl eta a) pou detèmine si gen yon istwa kriminèl ki pou ou, epi pou wè si gen okenn dosye arestasyon ki te fosman asosye avèk ou paske gen yon moun ki te itilize idantite w. Si yo tcheke anprent ou, epi li detèmine ou se yon viktim vòl idantite, FDLE pral travay ak ajans lapolis lokal yo epi yo va eseye efase done fwod yo nan dosye istwa kriminèl ou epitou yap ba ou yon Sètifika Idantite konpwomèt. Pou plis enfòmasyon, kontakte Seksyon Kontwòl Kalite FDLE a nan (850) 410-8880 oswa ale sou [www.FDLE.state.fl.us](http://www.FDLE.state.fl.us).

---

## RETIRE IDANTIFYAN PÈSONÈL NAN DOSYE TRIBINAL FLORID YO.

Tout moun gen dwa pou mande Grefye a oswa Achivis Komin nan pou li siprime/ retire nimewo Sekirite Sosyal li, nimewo kont labank li, nimewo kat kredi, debit oswa nimewo kat peman l yo nan yon imaj oswa kopi yon dosye ofisyèl ki sou Sitwèb Grefye a oswa Achivis Komin nan ki disponib piblikman oswa dosye tribinal yo. Si w kwè enfòmasyon pèsonèl ou parèt nan yon dosye ki disponib pou piblik la, kontakte Biwo Grefye Komin nan pou w fè yon demann. Ou ka jwenn yon lis tout Grefye Komin yo nan [www.FLClerks.com](http://www.FLClerks.com).



## RAPÒTE KOURYE W KE YO VÒLÈ BAY SÈVIS ENSPEKSYON POSTAL U.S.

Sèvis Enspeksyon Postal U.S. la ap mennen ankèt si yon vòlè idantite te vòlè kourye w yo epi si yo te itilize idantite w pou jwenn nouvo kredi oswa pou komèt fwod. Ou dwe rapòte ensidan yo nan biwo distri Sèvis Enspeksyon Postal U.S. ki pi pre w la. Tcheke ak biwo lokal ou a oswa ale [www.USPS.com](http://www.USPS.com).

## Rapòte Fwòd nan Paspò bay Depatman Deta U.S.

Si paspò w pèdi oswa yo vòlè l, oswa ou kwè ke yo itilize li fwodolizman, kontakte biwo lokal Depatman Deta ki nan zòn ou an. Tcheke ak biwo lokal la oswa ale sou [www.State.gov](http://www.State.gov).

---

## PWOTEJE NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OU.

Administrasyon Sekirite Sosyal ka verifye si salè ki rapòte sou nimewo sekirite sosyal ou a kòrèk. Pou verifye si gen erè, fwod, oswa pou w ka fè kòmand yon kopi Deklarasyon Estimasyon Salè Pèsonèl ak Benefis ou (PEBES) nan Administrasyon Sekirite Sosyal, rele 800-722-1213 oswa ale sou [www.SSA.gov](http://www.SSA.gov).

---

## SI OU ENKYETE DE FWOD TAKS.

Fè IRS konnen ou se yon viktim vòl idantite nan [www.IRS.gov/individuals/how-irs-id-theft-victim-assistance-works](http://www.IRS.gov/individuals/how-irs-id-theft-victim-assistance-works). Ranpli Afidavi Vòl Idantite (FÒM 14039). Kontakte Depatman Revni Florid la, rele (850) 488-6800 oswa ale sou [www.FloridaRevenue.com](http://www.FloridaRevenue.com).





# ENSTRIKSYON POU RANPLI AFIDAV VÒL IDANTITE A

W ap resewva Afidavi Vòl Idantite a apre w fin rapòte ke w se yon viktim Vòl Idantite bay Komisyon Komès Federal la (FTC) nan [IdentityTheft.gov](https://www.IdentityTheft.gov). Pou asire ke w pa vin responsab pou dèt vòl idantite te fèt la, ou dwe bay prèv ke se pa ou ki te kreye dèt la nan chak konpayi kote yo te louvri a oswa yo te itilize sou non w lan.

Yon gwoup travay konpoze de founisè kredi, defansè konsomatè, ak Komisyon Komès Federal la te devlope yon Afidavi Vòl Idantite pou ede w rapòte enfòmasyon bay anpil konpayi kote wap itilize yon sèl fòm estanda. Itilizasyon afidavi Vòl Idantite a, opsyonèl. Pandan ke anpil konpayi aksepte afidavi sa a, gen lòt ki mande pou w soumèt plis oswa diferan fòmilè. Avan w voye afidavi a, kontakte chak konpayi pou chèche konnen ki fòmilè ki akseptap.

Ou ka itilize afidavi Komisyon Komès Federal la lè yo louvri yon nouvo kont sou non w. Enfòmasyon an pral pèmèt konpayi yo mennen ankèt sou fwod la epi deside rezilta reklamasyon w la. (Si yon moun te chaje yon kont ki deja egziste san otorizasyon w, rele konpayi an pou konnen kisa pou w dwe fè.)

---

## AFIDAVI KOMISYON KOMÈS FEDERAL LA GEN DE PATI:

1. **[Afidavi sou Vòl Idantite](#)** ofri yon modèl fòmilè ki ka itilize pou rapòte enfòmasyon bay anpil konpayi ki senplifye pwosesis pou avèti konpayi kote yo louvri yon nouvo kont sou non viktim nan.
2. **Deklarasyon Kont Fwod** se kote ou dekri kont fwod ki ouvri sou non w. Itilize yon Deklarasyon Kont Fwod apa pou chak konpayi ou bezwen bay enfòmasyon adisyonèl.



Lè ou voye afidavi a bay konpayi yo, atache kopi (**PA** voye orijinal) okenn dokiman sipò ou genyen (pa egzanp, lisans chofè, rapò lapolis)

Anvan w soumèt afidavi w la, revize kont wap konteste yo ak manm fanmi w oswa zanmi w ki ka gen enfòmasyon oswa aksè sou kont yo.

**Ranpli afidavi a pi vit ke posib.** Anpil kreyansye mande pou w voye afidavi a nan de semèn apre w fin konnen vòl idantite a. Reta ka ralanti ankèt la.

**Se pou w presi e konplè ke posib.** YOu ka chwazi pa bay kèk nan enfòmasyon ke yo mande. Sepandan, enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè pral ralanti pwosesis pou mennen ankèt sou reklamasyon w la ak soulaje w de dèt yo. Tanpri ekri byen lizib.

Lè ou fin ranpli afidavi a, poste yon kopi bay chak kreyansye, bank, oswa konpayi ki te bay vòlè a kredi san otorizasyon an oswa byen ak sèvis ou dekri. Atache ansanm avèk chak afidavi yon kopi Deklarasyon Kont Fwòd la avèk enfòmasyon sèlman sou kont ki ouvè nan enstitisyon ki resevwa pake a, ansanm ak tout lòt dokiman sipò ou kapab founi.

**Voye dokiman ki apwopriye yo bay chak konpayi atravè lapòs sètifye, fè deman pou yo retounen resi lapòs la ba ou,** spou w ka pwouve ke yo te resevwa l. Konpayi yo pral revize reklamasyon w lan epi yap voye yon repons alekri ba ou pou fè w konnen rezilta ankèt yo a.

**Kenbe kopi tout bagay ou soumèt nan dosye w.**

Si ou pa kapab ranpli afidavi a, yon gadyen legal oswa yon moun ki gen yon pwokirasyon legal ka ranpli li pou ou. Konpayi an ap itilize enfòmasyon ou founi yo sèlman pou yo ka trete afidavi w la, mennen ankèt sou evènman ou rapòte yo, epi ede sispann plis fwod. Si yo mandew yon mande yon afidavi nan yon pwosè, konpayi an ka bezwen bay pati ki fè demann lan afidavi a. Ranpli yon afidavi pa garanti ke yo pral pouswiv vòlè idantite a oswa dèt la pral elimine.



**1-877-IDTHEFT**  
**(1-877-438-4338)**  
**[www.Consumer.gov/](http://www.Consumer.gov/IDTHEFT)**  
**IDTHEFT**



**1-877-IDTHEFT  
(1-877-438-4338)**

**[WWW.CONSUMER.GOV/IDTHEFT](http://WWW.CONSUMER.GOV/IDTHEFT)**

